



Department of Transportation

Ydanis Rodriguez, Commissioner

Demand Pèmi Pou Pwogram Bandwòl

Yo dwe enprime fòm sa a. Tape oswa ekri klèman an lèt detache.

New York City Department of Transportation

Banner Program

55 Water Street, 9th Floor

New York, NY 10041

Telefòn: 212-839-6633 Biwo Prensipal: 212-839-6620 Faks: 212-839-4254

Imèl: nycdotbannerunit@dot.nyc.gov

1. Enfòmasyon sou Aplikan an

Non Òganizasyon an: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Fax: _____

Non Direktè a: _____

Moun pou kontakte: _____

Imèl: _____

2. Enfòmasyon sou Pèmi Bandwòl

Tip Pèmi: Nouvo Renouvèlman

Awondisman (Bowo): Manhattan Brooklyn Bronx Queens Staten Island

*Yo dwe depoze nouvo kanpay yo 45 jou avan dat yo prevwa pou kòmanse a, sof si depatman an bay yon otorizasyon ki kontré.

*Yo dwe depoze renouvèlman yo omwen 14 jou avan dat ekspirasyon pèmi ki anplas la, sof si depatman an bay yon otorizasyon ki kontré.

Y ap afiche bandwòl la/yo pou (esplike objektif bandwòl la)

Peryòd sa ap fèt, tanpri bay dat presi:

De: _____ A: _____

Kantite bandwòl: _____

Kote y ap plase bandwòl la/yo: Fè yon lis pi ba a, epi ajoute yon lis oswa yon kat apa si w bezwen plis plas.

Non greyè lisansye y ap itilize pou enstale bandwòl la/yo epi retire:

Li gen bagay Kreyatif/Desen:

WI NON

Sètifikasi Asirans Aktyèl mache avè l:

WI NON

3. Règleman sou Pèmi

- Tout pèmi bandwòl tonbe anba Tit 34, Lwa 2-14(b) Règ Vil New York la.
- Yo pa dwe fikse bandwòl la (yo) nan poto limyè sikilasyon ki gen yon dispozitif elektrik ki kontrole sikilasyon.
- Yo pa dwe enstale bandwòl la (yo) yon fason pou anpeche yo wè pano oswa limyè sikilasyon yo kapab fikse nan lòt poto limyè.
- Li entèdi pou yo pèse poto limyè oswa pou yo soude sipò konsòl yo.
- Tout materyèl montaj yo dwe materyo ki reziste ak wouy. Bra sipò yo dwe fèt ak materyèl an fabèglas.
- Yo pa dwe enstale bandwòl la (yo) sou poto limyè ki sèvi Komisyon Konsèvasyon Moniman an pwen repè. Yo pa dwe enstale bandwòl yo sou poto limyè dekoratif si yo pa reponn ak egzijans espesifik tankou si yo pa ba l yon pwoteksyon espesyal.
- Yo pa dwe atache bandwòl yo sou pon, tinèl oswa estrikti pon DOT.
- Bandwòl la (yo) pa dwe depase dimansyon 3 pye lajè ak 8 pye longè. Yo dwe vètikal. Yo entèdi bandwòl orizontal ni bandwòl yo akwoche anfas yon wout. Yo dwe gen 6 fant pou pèmèt lè pase.
- Bandwòl la (yo) pa dwe kreye yon danje pou pyeton oswa sikilasyon machin. Pwent anba bandwòl la dwe gen yon distans 18 pye ak atè a.
- Yo pa otorize bandwòl doub (2 bandwòl sou menm poto), sof si yo de (2) a ansanm pa depase 24 pye kare. Si deja gen yon bandwòl ki pou yon lòt moun ki gen pèmi met bandwòl sou yon poto, ou pa kapab atache bandwòl ou a sou poto sa a.
- Yo pa dwe met reklam sou bandwòl yo. Non komèsyal oswa logo esponnsò evènman an kapab sou bandwòl la men li pa dwe pran plis pase 10% nan bandwòl antou. Non komèsyal oswa logo esponnsò a dwe nan pati enferyè bandwòl la. Yo pa otorize esponnsò ki gen rapò ak alkòl oswa tabak sou bandwòl yo.
- Mèt bandwòl la (yo) responsab pou l enspekté bandwòl ak poto yo epi pou l ranplase epi/oswa retire bandwòl chire, abime oswa ki nan move eta ni pou materyèl ki atache l la tou. Yo fè enstalasyon, mentnans, ak deplasman bandwòl la (yo) ak materyèl montaj yo san frè nan Vil New York.
- Mèt bandwòl la (yo) dwe gen asirans Responsabilite Sivil Komèsyal ki garanti omwen \$1,000,000 pou chak evènman epi yo dwe prezèvè l; epi li dwe prevwa vil la ak fonksyonè l ak anplwaye l yo se Asire Adisyonèl ki gen omwen menm pwoteksyon ak sa fòm ISO CG 2026 (11/85 ed.) prevwa pandan peryòd yo atache bandwòl la (yo) epi retire l (yo) sou poto limyè yo.
- Yo dwe prezante desen ki sou bandwòl yo pwopoze a, egzakteman fason li fèt la, ak demann sa a. Tout bandwòl yo fè epi enstale gras ak pèmi sa a dwe bandwòl DOT apwouve epi yo pa dwe ekate de modèl sa a.
- Si youn nan règleman pi wo yo pa respekte, ni règleman sou retire bandwòl yo rapid, mèt bandwòl la konprann yo kapab ba l amann epi yo kapab revoke pèmi l lan.

Nan ka yo apwouve demann nan, aplikan an dwe bay prèv asirans. Yo pa dwe enstale okenn bandwòl san yo pa apwouve yon demann pèmi.

Siyati w pi ba a ak soumisyon w ak Pwogram Bandwòl Depatman Transpò Vil New York montre ou dakò ak sa ki di pi wo yo.

Siyati Otorize Aplikan an

Dat

4. Pou Itilizasyon Pèsonèl Otorize DOT Sèlman

- Demann Pèmi Apwouve
 Demann Pèmi Refize

DOT akòde aplikan pi wo a otorizasyon pou l enstale _____ kantite bandwòl kote yo bay pi wo yo,
kòmanse le _____ epi fini le _____

Siyati Otorize DOT

Dat